



Eksploratoryòm se yon pwogram syans an Kreyòl pou timoun premye ak dezyèm ane ki akòde ak kourikoulòm Ministè Edikasyon Nasyonal Ayiti a.

Chak nivo genyen 40 leson odyo anrejistre ak yon kaye devwa pou elèv, liv lekti pou timoun ki fèk aprann li, epi materyèl pou anseyan.

Apwòch pwogram nan baze sou ansèyman konesans epi ranfòsman aprantisaj literasi (**vokabilè, konpreyansyon, fasilite, chapant tèks, ak redaksyon**) ansanm ak yon bon kourikoulòm pou sipòte devlopman sosyo emosyonèl.

LESON ODYO

Kantite leson 40 pou chak ane

Longè 8-10 minit

Fòma fichye mp3



MATERYÈL SIPÒ

Pou elèv yo

- Paj devwa ki pou akonpaye chak leson odyo
- Ti liv istwa fasil pou enprime pou timoun yo pote lakay yo (yon sèl fèy 8.5 X 11 pou yo pliye pou fè liv la)

Pou Anseyan yo

- Plan kourikoulòm detaye
- Gid pou anseyan ak plan leson
- Modil pou prepare fòmatedè pou direktè ak anseyan
- Videyo pou anseyan sou ki jan pou yo sèvi ak materyèl yo
- Liv istwa pou li a wot vwa pou timoun yo



MATERYÈL TEKNIK NESESÈ

Odyo

- Tablèt, laptop, telefòn, oswa lòt aparèy ki ka jwe mp3
- Wo palè Joker oswa Bluetooth

Materyèl sipò

- Lojisyèl pou telechaje ak enprime dokiman PDF

Pwogram nan ka livre tou sou WhatsApp oswa sou radyo.

Pou plis enfòmasyon pran kontak ak :

Jovanie Pade
Manadjè Pwojè
jovanie@lakoukajou.ht

